Anons Loreya Konkou Disètasyon Mwa Eritaj Ayisyen Me 2025

Pami disètasyon eksepsyonèl elèv lekòl segondè nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ekri, twa loreya ranpòte prim pou konkou ane sa a. Tèm nan se: "**Kiyès ki se ewo ayisyen w epi poukisa / Who is your Haitian Hero and why**?"

Felisitasyon pou gayan konkou ane sa a:

• **Mike Fleurme**, Klas 12yèm – Lekòl Segondè Boynton Beach, premye plas
• **Gerdelin Dumas**, Klas 11yèm – Lekòl Segondè Glades Central, dezyèm plas
• **Christ B. S. Etienne**, Klas 11yèm – Lekòl Segondè Boynton Beach, twazyèm plas

Twa lòt elèv klase katriyèm, senkyèm, ak sizyèm plas. Yo se:

• Ashley Lovinsky, Klas 11yèm – Lekòl Segondè Santaluces, katriyèm plas
• Sabra Lamy, Klas 10yèm – Lekòl Segondè Seminole Ridge, senkyèm plas
• Cardaryll Davis, Klas 12yèm – Lekòl Segondè Crossroads Academy, sizyèm plas

Gayan premye plas la ap resevwa yon sètifika ak yon chèk $350. Gayan dezyèm plas la ap resevwa yon sètifika ak yon chèk $150. Gayan twazyèm plas la ap resevwa yon sètifika ak yon chèk $100. Elèv ki vini an katriyèm, senkyèm, ak sizyèm plas yo ap resevwa yo chak yon kat kado $50. Gayan yo ap gen patisipe nan yon **aktivite nan Bibliyotèk Summit Samdi 10 me 2025 a 2:00 PM**, nan 3650 Summit Blvd., West Palm Beach, Florida 33406, kote yo pral resevwa pri yo epi li redaksyon yo pou piblik la.

Objektif konkou disètasyon an se ogmante amoupwòp ak estim pèsonèl elèv yo nan fè pwomosyon istwa, kilti ak idantite yo, ankouraje yo fè rechèch istorik sou Ayiti ak pèp li a, ak kontribisyon yo nan istwa mond lan. Konkou disètasyon an kòmanse depi ane 2004 nan kad selebrasyon mwa Me kòm Mwa Eritaj Ayisyen.

Aktivite Mwa Eritaj Ayisyen yo ak Konkou Disètasyon an patwone pa Gaskov Clergé Foundation, Educa Vision Inc., Triple VMC Global Services.

Pou plis enfòmasyon sou Konkou Disètasyon Mwa Eritaj Ayisyen an, kontakte Bito David, Espesyalis Kominikasyon ak Angajman nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach nan bito.david@palmbeachschools.org, oswa bitodavid@gmail.com,oswa rele (561) 254-6043.